# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**2021-жыл “Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы”на бағышлап спорттың кураш түри бойынша 2006-2007-жылларда туўылған жас өспиримлер арасында Өзбекстан “Ёшлик” дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими биринширилигин өткериў ҳаққында”**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы «Дене тәрбия ҳәм ғалабалық спортты жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПК-3031-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў ҳәмде жәмийетимизде саламат турмыс тәризин қәлиплестириў, жас әўладты дене тәрбия ғалабалық спорт пенен турақлы шуғылланыўлары ушын кеңирек тартыў мақсетинде ҳәм Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жылғы жыллық ис режесин басшылыққа алып

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жылғы жыллық ис режесин басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

- улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары арысында спорттың кураш түри бойынша Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң биринширилиги спорт жарыслары, усы жылдың 19-20-февраль күнлери Республикалық спорттың жеке гүрес түрлери бойынша қәнигелестирилген балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектебиниң **КУРАШ** базасында жоқары дәрежеде шөлкемлескенлик пенен өткериў;
- жарыста жеңимпаз болған спортшыларды сыйлықлаў мақсетинде I, II, III дәрежели диплом ҳәмде қымбат баҳалы саўғалар менен тәмийинлеў;
- жарысқа барлық район (қала)лардан спортшыларды толық қатнастырыў;
- жарыстың өткерилиў барысын ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмийетшиликке жарытыў ўазыйпалары тапсырылсын.

3. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

- жарысқа қатнасыўшы спортшыларды бир түрдеги спорт кийимлери менен тәмийинлеў ҳәм жарысқа спортшы оқыўшыларды өз ўақтында толық қатнастырыў;
- жарысқа барып қайтыўда ҳәм жарыс даўамында спортшы-оқыўшылардың денсаўлығын, қәўипсизлигин ҳәм жәмәәтлик тәртипти сақлаўды тәмийинлеў бойынша тийисли илажлар көриў;
- жарысқа қатнасыўшы спортшылардың жол кирейи ҳәм аўқатланыўлары ушын жумсалатуғын барлық сапар қәрежетлери менен өз ўақтында тәмийинлеп бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыўды өзимде қалдыраман.

**Тийкары:** Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл жыллық ис режеси.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл « 09 » Февраль
№ 38

«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»
Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
_____________ Р.Реимов
«___»_____________2021-жыл

«КЕЛИСИЛДИ»
Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары
_____________ Б.Байниязов
«___»___._02_ 2021-жыл

«КЕЛИСИЛДИ»
Өзбекстан Кураш Федерациясы
Қарақалпақстан бөлими атқарыўшы директоры _________ С.Жусипбеков
«_9_»_______02._____2021ж

«КЕЛИСИЛДИ»
Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы «Динамо» ДТСЖ Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси баслығы орынбасары
_____________ Д.Сейтов
«_9_»___02____2021-жыл

**2021-жыл «Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы»на бағышлап, спорттың Кураш түри бойынша 2006-2007 жыллары туўылған жас өспиримлер арасында Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими биринщилигин өткериў**

# РЕЖЕСИ

## 1. ЖАРЫСТЫҢ МАҚСЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

-улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары арасында спорттың кураш түрин раўажландырыў;

-мектеп оқыўшылары арасында жас талантлы спортшыларды таңлап алыў ҳәм Республика сайланды командасын муўапықластырыў;

-спорттын кураш түрин үгит-нәсиятлаў, жаслардың ден-саўлығын беккемлеў, тәртипли етип тәрбиялаў ҳәм наркомания терроризм сыяқлы зиянлы иллєтлерден асыраў.

## 2. ЖАРЫСТЫ ӨТКЕРИЎ ЎАҚТЫ ҲӘМ ОРНЫ

Жарыс, 2021-жыл 19-20-февраль күнлери Республикалық спорттың жеке гүрес түрлери бойынша қәнигелестирилген балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектебиниң **КУРАШ** базасында *болып өтеди.* Жарысқа келиў ўақты ҳәм мандат комиссиясы 2021-жыл 19-февраль күни саат $15^{00}$-$16^{00}$ аралығында, өлшениў ўақты $16^{00}$-$18^{00}$ де. Жарыс 20-февраль күни саат $09^{00}$ де басланады.

## 3. ЖАРЫСТЫ БАСҚАРЫЎ ҚАҒЫЙДАСЫ ҲӘМ ҚАТНАСЫЎШЫЛАРЫ

Спорт жарысы Халық аралық Кураш қағыйдаларына муўапық өткериледи. Жарыс қатнасыўшыларында *(туўылғанлығы ҳаққында гуўалық, оқыў орнынан сүўрети менен мектеп директоры тәрепинен тастыйықланған мағлыўматнама)* медициналық көриктен өткерилген ҳәм шыпакер тәрепинен тастыйықланған талапнамалары болыўы шәрт.

**Салмақ категориялар: Ер балалар 32, 35, 38, 42, 46, 50, 55, 60, 65, 71, 77, +77.**

***Еслетпе:*** ***Жарыс ўақтында спортшылардың тәртип-интизамына, қағыйдасына муўапық кураш спортының арнаўлы спорт формалары менен тәмийинлениўине ҳәм олардың санитария-гигиена талапларына сай болыўына спортшыны талапнамаға киритген шөлкем ямаса тренер жуўапкер. Жарысқа келиўши командалардың хызмет сапары қәрежетлери, хызмет сапарына жибериўши шөлкемлер тәрепинен қапланады. Жарысты өткериў ушын төрешилер менен тәмийинлеў Өзбекстан Кураш Федерациясы Қарақалпақстан бөлими тәрепинен тәмийинленеди.***

## 4. САРЫПЛАНАТУҒЫН ҚӘРЕЖЕТЛЕР

Жарыста 1-2-3-3-орынларды ийелеген жарыс жеңимпазлары Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими тәрепинен таярланған дипломлар ҳәм қымбат баҳалы саўғалар менен сыйлықланады. Жарыс қатнасыўшыларының хызмет сапары (аўқатланыў, жол кирей) қәрежетлери Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети районлық бөлимлери тәрепинен хызмет сапарына жибериўши мекемелер есабынан қапланады.

**Мағлыўмат ушын тел: +99897-788-37-77, +99891-386-24-24.**